République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Wolof

# Tànk-ndànk

Jéego 4 Téere 4

Édition 2018
Réimpression 2020

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# Li téere bi ëmb

Doomi Till yee taal daay gi ........ 4

Penda ak ordinaatëer ........ 20

Ab tukki ca palaanet Màrs ........ 36

Enternet, romb ko réccu la ........ 52

Tablet yu doy waar ........ 68

# Doomi Till yee taal daay gi



Till dafa bey gerteem, bi mu ñoree mu dajale ko ci diggu toolam.
Doomu till yi tibb ci gerte gi, jël almet xoset ko, taal safara.
Lakk nañu gerte gu bare, toog di ko yëy, di waxtaan, di ree.
Jaar romb leen, ñu tëb di ko dàq, bàyyi fa taal ba.




Ñax mi dafa wow koŋŋ, safara si jàpp na.
Tàkk-tàkk li di gën a yaatu,
ngelaw li tasaare ko.
Feneen jàpp, daw ba sore, àll bi yépp tàkk.
Ana ku lakk daay gi ?
Doomi till yi taal nañu daay
gi te yëguñu ko.



Àll bi tàkk na, bëccëg bi yépp, ba yegsi ci wetu dëkk bi.
Cóolo safara si tàngal na gox bi.
Rabi àll yépp jóg ne : « Safara saa ngi yegsi, dawleen wuti ndox ! »
Root nañu ndox ci teen bi,
dogale safara si.



Fasu àll daw telefone faykati daay yi,
mënuleen jot.
Picc naaw, dem waxi leen ko.
Àll bi tàng na, Picc sonn na ndax
safara si mu tiim.
Bi mu yeggee ci faykati lakk yi,
ñu jël seen oto.
Mbàndu ndox mi réy na, safara si bare na,
dëkk bi sore.




Bi oto bi demee, ba ci diggu yoon wi,
mu paan.
Picc dawati, seeti Jasig, mekkaniseŋ bi.
Mu ne : « Oto biy fey lakk dafa paan,
àll baa ngiy tàkk. »
Bi mu deferee oto bi, ñu puus ko,
mu dem.
Ndox mi jeex na, des na tuuti ci lakk gi.



Ñu root ci teen bi, fey li des ci lakk gi.
Safara si jot na lakk ay néeg ak ay bagaas.
Am na ay xar ak ay béy yu rëcc, daw.
Rabi àll yi tonku nañu, mbir mi metti na.
Leegi, dañu war a lal ay pexe.



Gaynde ni daay gi yàq na lu bare, dañu war a defaraat suuf si.
Nanu fexe ba suuf si dundaat.
Nanu bey, nanu gas, nanu jëmbat.
Balaa nuy sanc beneen dëkk, nanu defar sunu àll bi.



Dem nañu wàllaa dex, wuti fa ñax mu
defar néeg yi.
Defaraat nañu néeg yi lakk,
xadd leen ba ñu jekk.
Rabi àll yi amatuñu ñami foraatu.
Garabi sump yi lakk nañu,
déem yi tamit, kàdd yi naka noonu.




Garabi tool yee ngi ñuul kukk.
Dañuy dundalaat àll bi def ci yeneen garab.
Rabi àll yi nangu nañu xalaat boobu.
Muy ñoom Ñey, Bukki, Lëg, Mbaam-àll,
Nagu àll, Mbonaat ak Jasig.

Ñu tasaaroo, ku ne wut loo def,
ndax taw bi dikk na.
Suuf si tooy na, njëmbat moo des.
Ku ne ñëw nga ak sa xeetu garab.
Liggeey bi bare na, ñii ñu ngiy jëmbat,
ñee di gas.



Ndoxum taw bi dafay suqali garab yi, ngëneel la. Gàncax gi dafay sax bu gaaw, ñu bey ko mu set. Reeni garab yu ndaw yi jàpp nañu bu baax ci suuf si. Tool yaa ngi naat, su mbey yi ñoree, biir yi fees.



Nawet bi jeex na, garab yaa ngi sëq.
Déqi nañu gerte gi, góob nañu dugub ji.
Foq nañu mboq mi, di lakk, di yëy.
Xolli nañu gerte, weer ko ci naaj wi.
Togg nañu ndambe ju saf ak ñebbe ji.



Rabi àll yi bég nañu, seen coono
bi am na njariñ.
Garabi pàppaaya yi am nañu
ay doom yu neex.
Ñépp a ngiy lekk ba regg, di naan.
Dañuy xëy, di gont ci liggeey bi.



Maam Gaynde yónnee na di sant mbooloo mi.
Fas na yéene def joŋante ci làmb.
Dina am làmbu góor ak làmbu jigeen.
Su dul loolu, ñu def sabar.




Bi rabi àll yi waxtaanee, ñu ne sabar ak làmb yépp lañu bëgg.
Maam Gaynde nangul leen ko.
Dañuy jiital sabar gi, soog a def làmb ji.
Soxna yi sañse, puudaaru, pastelu, tuuroo laskoloñ.




Sabar gi xumb na lool, Golo di tëb, di dal.
Mbëtt di tëgg ndënd mi, Béy di taasu,
Jaan di tëbantu.
Ku ne bég, ñu fecc ba guddi gi xaaj.
Lu jëm ci làmb ji dàq nañu ko ba weer
wiy ñëw.

# Penda ak ordinaatëer



Lëg woo na ràbi àll yépp ci pénc mi.
Xibaar na leen li ko Seku wax ci xarala yu bees yi.
Ànd na ak xaritam Penda, mu waxtaan ak nun ci ordinaatëer.
Jumtukaay boobu mu ngi lëmbe àddina, nun rekk a ko réere.



Penda indaale na ordinaatëeram ndax nu
gis ko, xàmmee ko.
Tey, bésub noppalu la,
moo tax mu mën a ñëw fii.
Bëgg nanu miinloo ordinaatëer,
wax nu njariñam.
Jumtukaay la, mooy bunt biy tax
nu jokkoo ak àddina.




Li  Seku wax ci ordinaatëer
ub na  boppu Lëg.
Muy guddi, muy bëccëg,
fan yii yépp moom lay xalaat.
Dafa nekk ci àll bi, di lal ay pexe,
naw xelam.
Tey mu nax Bukki,
suba mu toj boppu Njamala.
Dëkke na noonu ay at i at, foog ne du jeex.




Waaye fan yii, Lëg gis na lu ko jommal.
Yéemu na ci jumtukaayu xarala
bu ñuy tudde ordinaatëer.
Seku di wax ak nit, ñu ne déet
muy jàng leegi enformatig.
Gaynde ne Penda, ñépp ñëw nañu,
yaw doŋŋ lanuy déglu.




Noonu Penda taajal ordinaatëer bi Seku ne
ko yaa ci des.
Seku bës benn butoŋ, masin bi tàkk,
leer nàññ.
Ekaraŋ bi wone ay nataali kéwel yuy daw,
misig biy jolli.
Bukki gën na toogaat, xulli bët yi,
ne jàkk ekaraŋ bi.
Nee na : « Eskay ! Ordinaatëer
jommal nga ma. »



Lëg ne Bukki : « Dellul ginnaaw bala ngay daaneel masin bi. »
Bukki ne ko : « Xana gisoo Golo ni muy fecce, di waraj-waraji. »
Rabi àll yépp jegesi, ñii di tàccu, ñee di yëngal mbagg.
Àll bi xumb lool, wenn rab téyeetul tànkam.



Maam Ñéy ne : « Tee noo jublu ci waxtaan wi. Fecc nanu ba miir, sunu biir a ngi ne wéyeŋ. Ayca, ayca, ayca waxtu añ leegi mu jot. Tàwwi nanu sunuy nopp, ne jàkk, xulli Ordinaatëer bi. Fàww nga létt nu, mbaa nga firi nu. »



Bukki ak Golo ne : « Déedeet, na misig bi gën a jolli. Doyalunu de, ubbil misig bi ba mu sës, na riir a riir. »
Gaynde xaacu, gëdd Bukki, ne ko :
« Doy na, fii maa fiy dogal ! Dafa mel ne leegi danga bëgg a toog sama palaas. Penda lanuy déglu leegi, bëggatuma dégg coow. »



Noonu Penda wax leen ne : « Ordinaatëer, masin bu yéeme la. Jumtukaay buy yombal liggeey la waaye du fowukaay. Nit ñi it talatuñu dara, ci lañuy sëgg
suba ak ngoon. Ordinaatëer lañuy ndékkee, moom lañuy añe, di ko reere.



Ordinaatëer am na lu ñu naan taalukaay, ekaraŋ, arafukaay ak jinax.
Cér bu ci nekk  ëmb na njariñ, dégluleen ma bu baax. »
Noonu, mu joxoñ leen am mbir, ne leen :
« Taalukaay baa ngi nii. Mënul ñàkk ci ordinatëer. Moom ngay bës, lépp tàkk.
Boo liggeeyee ba noppi, nga bësaat ko ordinaatëer bi fey. »



Penda yokk ci ne : « Bu masin bi tàkkee, am
na ekaraŋ bu jàkkarloo ak yeen.
Ekaraŋ boobu mooy wone lépp lu xew ci
ordinaatëer bi.
Arafukaay bi ngay binde araf, siifar walla
yeneen màndarga.
Jinax ji ngay randal, am na fett guy yëngu
ci biir ekaraŋ bi.
Mën nga ko yéegal, wàcce ko walla nga
jëme ko ndeyjoor mbaa càmmooñ.

Ordinaatëer dina tax ba nga mën a jokkoo ak àddina.
Boo sosee boyetu imel, dinga mën a bind bataaxal mu egg walla nga jot ci.
Mën nga denc ay jukki, ay widewoo ak i misig ci yenn ci wayndare yi.
Loo soxlawul mën nga ko sànni ci pañe mbalit bi ci biro bi nii. »




Ba Penda noppee, la Golo naan : « Nit a siis te soxor. Dëkk naa ak nit lu yàgg waaye masu maa jàngal ordinaatëer. Dafa xalaat ne bu ma mokkalee nguuram jeex.
Su boobaa, dootu ma takk,
di ma ŋawti-ŋawtee fu nekk. »
Golo nee na dootul feccati di làww-làwwi ak a baraj-baraji.



Bukki ne ko : « Sa làmmiñ a saf rekk ngay wax.
Li nga yàgg a dund ak nit, jàngoo ci moom dara, demal noppalu.
Mën nga yéeg ci cari garab yi,
di waraj-waraji.
Fu meññeef ñore nga lekk ba suur, doy na.
Lan la Golo bëggati ? Ku xamul "suur naa", nu téye loxoom. »




Gaynde ne : « Nanu bàyyi Seku mi gën a
jege nit, yokk gëstoom.
Bu mokkalee, jàngal ko sunu doom yépp,
muy ngëneel.
Ku nekk ci nun na wut ordinaatëer,
jóg jot na. »
Bukki ne : « Ñaw, pexem Lëg jeex na fii
ci àll bi. »



Ordinaatëer daal soppi na gis-gisu dëkku rabi àll bi.
Mala yi ne : « Jaaraama Penda, gindi nga ñu, dootuñu nelaw.
Ndekete yokkute am na ay tànk, dox na ba fekk nu fii.
Jàpp nanu ko bu dëgër, dootunu bàyyi mukk mu romb nu. »

# Ab tukki ca palaanet Màrs




Dafa amoon sunu nit ñu demoon Màrs,
waa Màrs téye leen.
Waa Màrs ne, ay xale yu ndaw
ñoo leen fay jële.
Sunu ekooli réew joŋante,
ñu tànn xale yi gën a muus.
Seen i at a ngi tollu ci juroom-benn doŋŋ.

Ñeent ñiy dem Màrs ñooy :
Ngóone, Kabunta, Ngóor ak Yoro.
Xale yooyu dañu muus, lu bare lañu xam.
Loo leen jàngal, ñu mokkal ko
bu gaaw a gaaw.
Ñu yóbbu leen ca illoo Sarpaŋ,
jàngal leen ci ndimbalu waa Nasaa.



Kumàndaŋ Ngóone ak ñi muy àndal la telewisyoŋ di waxtaanal.
Taskatu xibaar bi ne Ngóone : « Lu ngeen di wuti Màrs ?
Ngóone toogaat, ne ko : « Danuy jëli sunu nit ña fa nekk.
Sunu yoon wi, yoonu jàmm la ci sunu diggante ak waa Màrs.
Neent ñi demoon Màrs dégguñu làkku màrsiyeŋ, looloo indi li xew.




Loolu moo tax, bi ñu demee Màrs déggoowuñu ak ñoom.
Taskatu xibaar ba yeggale wax ji :
« Te ñu téye leen foofa. »
Ngóone ne ko : « Wànte waa Màrs tëjuñu leen kaso de ! »
Taskatu xibaar bi wëlbatiku ci Kabunta, laaj ko : « Làkku waa Màrs nu mu tudd ? »
Kabunta ne ko : « Màrsiyeŋ la waa Màrs di wax. »



Yoro yokk ca : « Màrsiyeŋ dafa jaxase sunu làkk yi. »
Taskatu xibaar ba ne : « Wax ma "jàmm moo gën ay" ci màrsiyeŋ. »
Ngóor ne ko : « Sumkameja muge nebo ! ».
Taskatu xibaar ba xàqataay, ne : « Nu ngeen di delloosee ña fa nekk ? »
Ngóone ne ko : « Danuy yóbbaale modil bi ñuy dugg.


Modil, mooy fi tukkikat yi di nekk ci fise bi. Ñeent a ciy dugg.

- Waaw, su ngeen demee waa Màrs téye leen fa nag ?
- Duñu nu téye, ndax Màrsiyeŋ dëgg rekk lay wax.
- Noo xame ni waa Màrs duñu leen fa téye ?
- Wax nanu ak ñoom ba déggoo te benn wax lañu am. »




Suba ci ngoon la sunu fise bi di déqi,
dem palaanet Màrs.
Nit ñu bare ñëw, fanaane taxaw ca tefes
ga, bëgg a seetaan.
Ca ëllëg sa, nit ñu bare : gone,
mag, jigeen ak góor.
Kabuntaa, Ngóone, Ngóor ak Yoro sol seen
ay yére tukkikatu asamaan.
Xale ya dugg gaal, mu yóbbu leen illoo
Sarpaŋ, ñu wàcc.

Ñu yéegal léen ca fise ba, ñu toog takk seen sentiir.
Kanamu Porofesëer Jóob feeñ ci ekraŋ bi, woññu ndeltu ginnaaw bi tàmbali : Juroom, ñeent, ñett, ñaar, benn, tus !
Ngoone daldi bës butoŋ bu xonq, mótoor yi àndandoo tàkk, lépp di riir.




Sunu xarit yi seetaansi woon nee nañu suuf si dafa doon yëngu.Safara su xonq cur ak saxaar su bare jëm kow asamaan.
Sunuy xarit yi ne : « Ñépp a kontaanoon, di tàccu ak a yuuxoo. »
Porofesëer feeñaat ne : « Lépp aw na yoon ! »



Fise bi yéeg bu gaaw ci asamaan si ba kenn gisatu ko.
Ngóone ak i nitam di bës i butoŋ ba fise bi tegu ci yoonu Màrs.
Fise bi gën a yéeg ci asamaan su am niir yu rafet. Ñu gis Suuf si, ci ekaraŋ yi, muy niroo ak bul. Ñu topp tegtal yépp, fise ba daldi dem ba tiim palaanet Màrs.




Ngóone wàcce ndànk fise bi ci Màrs,
pënd bu xonq wër leen.
Kabunta ubbi buntu modil bi, ñu toppante
ba génn, tëjaat bunt bi.
Ñu war motoy Màrs, daw tuuti, ay jëmm
yu njool, di naaw, wër leen.
Ñooñu seen yaram a ngi mel ni xobu garab,
ñuy làkk Màrsiyeŋ.
Ñu topp leen, dugg ci xur wu xóot,
am tund wu kawe.




Ci suufu tund wi, bunt bu yaatu ubbeeku, ñu dugg, mu tëjuwaat.
Ñoom Ngóone gis ñu taxaw, woy wu neex tàmbali, ñépp di déglu.
Ñu xàmmee seen bàkku réew, di ko dëbbe.
Bi woy wi jeexee, ñu def weneen, mu di bàkku waa Màrs.
Buur bi génn, dugg ci lu rafet, di daw te amul i tànk.



Waa Màrs, dañoo njool, sew, ñoom Ngóone
tuuti lool ci seen wet.
Buur bi dafa njool, bopp bi rëy,
bët yi ngande, xonq cur.
Mbubbu oor ak jamaŋ ak mbaxana
mu xuur la sol.
Yaramu buuru Màrs moo gën a nëtëx
yaramu ñi ci des.


Waa Màrs def ñaari raŋ, am ñu jiitu,
am ñu féete ginnaaw.
Buur ba ni : « Nit ñu baax ngeen,
jóge ci palaanet bu baax.
Sunu làkk wi ngeen jàng wone na ko.
Ñi nu fi téye woon, jàngal
nanu leen sunu làkk.
Ñooñu itam, jàngal nañu waa Màrs lu tollu
ci ñeent ci seen i làkk.




Màrs dina yónnee ku leen toogal
ci kow Suuf. Yeen lanu bëgg ngeen toogal
seen palaanet fii ci Màrs. »
Ñu ànd ak ña fa ne woon, Buur neexal
leen, ñu ñibbi.
Ñaari modil yi wàcc biir géej, benn bato
jëlsi leen.
Ba ñu noppaloo, ñu waxtaan ak taskati
xibaar yi.

Ca ëllëg sa, portaley gone yi nekk ci këyiti xibaar yépp.
Njiitu réew mi sant leen, teral leen,
jox leen ay lijaasa.
Seen tur yi wër àddina bi, ñoo jëkk a wàcc ca palaanet Màrs.
Yaayu Ngóone fëgg bunt bi "pëkk-pëkk", daldi ne : « Ngóone biddanti nga, jógal, dangay jàngi ! »
Ndeketeyoo Ngóone dafa doon gént.
Wànte neexalu waa Màrs baa ngi ci wetam tege.

# Enternet, romb ko réccu la



Léeboon ! Lippoon !
Jinax dafa fekk Xaj ak muus di dóor-dàqe.
Fu Muus dugg Xaj daw fekk ko fa.
Muus yéeg ci genn garab di ko mbëllee.
Xaj toog di ko fa xaar, xam ne tey du rëcc.




Foofa la leen Jinax fekk ne leen :
« Àdduna soppeeku na.
Nelaw jeex na, ku toog di xaar,
defuloo dara, raw nañu la.
Bu yàggee ñu moom la, def la mbaam,
yéeg ci sa kaw.
Yéen ñaar ñii, ci jan jamono ngeen nekk ? »



Jinax ne leen itam :
« Xanaa xamuleen lu xew ? »
Xaj ne ko : « Hee, bul nu tanqal,
wax nu lu xew rekk. »
Jinax tontu ko : « Xarala yu bees yi toj
nañu réew mi.
Ku ci bokkul ñu dem ba la,
nga dëkk ci xandoor. »




Xaj ne ko : « Sa wax bare na, bul ma sonnal, luy enternet ? »
Jinax ne : « Enternet, jumtukaay la buy lëkkale ordinaatëer yépp.
Dina yombal itam weccante xibaar ci àdduna bi.
Mën nañu cee jokkoo, bu telefon, kaabal walla satelit amee.




Foo nekk ci kaw suuf, mën nga jokkoo
ak sa moroom.
Loo bëgg a xam jaratul sonn,
ubbil sa ordinaatëer, dem Google.
Dangay bind li nga soxla, mu indi ay xiibaar
ci saa si.
Am na ay dali web yi lay won xibaar yi
nga soxla.

Am na yeneen yu lay jàngal bind ak xayma.
Xibar yi dinañu feeñ ci mbind, ci nataal ak
ci ndégtu.
Boo bëggee bindante ak sa xarit,
sosal sa boyetu imel.
Mën nañu la tontu tamit ci lu leer,
nga jot ci.




Mën nga sos sa dalub web wone
fa li ngay def.
Mën nga siiwal ci lépp looy yëngatu, walla
sax jaay ci sa màrsandiis.
Xaj ne ko : « Xanaa lii de mooy xef ak xippi.
Tukki dem dëkk, ñëwaat simili ak saa. »


Jinax ne : « Dinga tukki te doo jóg
fa nga nekkoon.
Dinga mën a seetaan woy yi xale bëgg.
Bu la neexee nga yër yeneen powi xale yi.
Dina la won ay léebi dëkk yu bare
yu xale yi bëgg.



Mën nga jàng bind xàmme araf yi,
baat yi ak kàddu yi.
Dinga ci jàng xayma ba mokkal
ci anam yu leer.
Dinga ci jéemantu, tàggat sa bopp
fànn wu la neex.
Dangay toog sa kër, jàng yeneen
làkk yu la neex.




Jinax ne Xaj ak Muus : « Maa leen yërëm. »
Muus ne ko : « Boo xamul dangay laajte.
Soo ko deful, dinga juum, wokk sa ndoŋ.
Xanaa xamuloo ne, am na péncum waxtaan
mu ñuy woowe muus ? »




Muus ne Xaj : « Ana sa turaandoo ci xarala yu bees yii ? Xanaa li ngay dàq gan foo tollu moo tax ñu fàtte la. Li ngay mbëw dafa bare lool, toroxal koo xamul baaxul. Dama ragal ne loolu moo tax amuloo turandoo. »



Xaj ne : « Bu leen fàtte ni maay sàmm kër gi guddi ak bëccëg. Kóllare ci man la fekk baax, kenn du ko werante. Ku ma xas a miin jeex na, dinaa la xàmmee ba fàww. Lii ku mu doyul, dara du la doy. »





Xaj ne : « Dama ragal ne sama àq moo leen dal. Moo tax duñu jóg ci congum wiris yi. Ni doomu jàngoro di dugge ci deret, rey soldaaram, noonu la wiris yi di songe ordinaatëer, posone rootaan mi.

Bu ko defee ordinaatëer bi dof, loo ko laaj mu indil la safaan wa.
Lépp lu mu dencoon yàqu, ordinaatëer bi jaaxle, soxla ndimbal.
Muus ne ko : « Dafa mel ne loo nu yéene la. Bu ñu ma tuddewul àntiwiris, cong mi du jeex mukk. »



Jinax ne Xaj : « Ordinaatëer du mbëw-mbëw.
Dina ŋeew-ŋeew, dina rëw-rëw.
Boo wàññee sa xiiru, man ak Muus jàppale la nga am turandoo. »
Xaj ne leen : « Wàññi mën na nekk ci diir bu gàtt. »



Ci noonu la Muus ak Jinax jàppe ci loxo Xaj.
Lëngoo nañu jëm ci Ordinaatëer ndax ñu wutal ko turaandoo.
Xaj a ngi woy, « Ñam leen ma seet, ku ma ñam tàqamtiku. »
Ndekete Ordinaatëer daal dina lëkkale itam mala yi ba ñu doon benn.

# Tablet yu doy waar



Man ak sama rakk Ñilaan, ku nekk yaa raw ci sa kalaas.
Sunu pàppa ak sunu yaay bég lool, laaj nu lu nu bëgg.
Nun ñaar ñépp, nu waxandoo : « Tablet ! ».
Démb ci ngoon bi sama yaay wàccee la indi benn paket.
Sama pàppa itam, bi muy wàcc indiwaale na paket bu ñu takk.




Ba nu reeree ba noppi, ñu indi ñaari paket yi.
Maak Ñilaan, ku nekk ubbi sa paket,
gis sa tablet ca biir.
Sama bos dafa baxa, bu Ñilaan mboq.
Sama yaay ni nu : « Su ngeen gënee jàng,
am neexal yu rëy. »
Sama pàppa ne ko : « Ku def lu rëy
am lu rëy ! »



Ma taal sama tablet, tàmbalee
def ay po yu neex.
Ñilaan taal bosam, di setaan deseŋ anime.
Bésu keroog, gaawu la woon
jàngiwunu ekool.
Damaa yendoo fo, po mu jeex ma jàll
ci meneen.
Bi Ñilaan seetaanee filmam ba noppi,
mu dugg ci po yi.




Bi jant bi sowee ba nu reer ba noppi,
nu dem tëri.
Nun ñépp, ku nekk dangaa tëdd ci sa lal,
di fo ba nelaw.
Damaa tëdd ba yàgg, ma dégg luy dox
mel ni jinax.
Ma yeewu gis sama tablet bi muy fecc
ak a reetaan ca kow.
Ma toog ci kow lal bi, jaaxle, tiit,
waaru ci li ma gis.



Tablet bi gis sama tiitaange, ni ma :
« Bul tiit, jógal te ñëw nu fo. »
Sama xel dal, ma wàcc lal ba ; dem di fo ak moom.
Nuy fo, di ree, di xàqataay,
di fecc ak a waxtaan.
Tablet bi ne : « Damaa wéetoon ci fi ma nekkoon ca supermàrse ba.
Man ak sama seex noo nekkoon, waaye kenn daawu nu xool.



Ndeyjoor ak càmmooñ lañu nu daan romb,
mel ni nekkunu fa.
Nu am lu nu naqari man ak sama seex ba
keroog bi sa ñoom yaay ñëwee.
Bi ma sa yaay yékkatee, téye ma ci ay
loxoom, damaa bég ba jooy.
Yow moom, bi ma la gisee, laa la bëgg.
Bi nga ubbee boyet bi ma nekkoon, damaa
jooyaat ndax xol bu sedd. »




Mu am rangooñ yu rote ci sama bët yi,
ma gis ni maa ngi jooy.
Ma ne ko : « Foo jànge wax sunu làkk ? »
Sama tablet ne ma : « Damaa judduwaale
ak moom. »
Damaa yor arafi làkk yépp, baat yépp, wax
yépp ak làkk yépp. »
Ma ne ko : « Fan mooy seen dëkk ? »


Mu ne ma : « Maa ngi jóge réewu tablet.
Ma ne ko : « Ndax réewu tablet sore na ? »
Mu ne ma : « Réewu tablet mu ngi nekk ci wetu réewu ordinaatëer. »
Te sax am na lu lay neex lu ma la waxagul. »
Ma ne ko : « Wax ma ko gaaw ! »

Mu ne ma : « Xalaatal lenn loo bëgg bu baax a baax nga téye ko ci sa xel. »
Noona, sama xel dem ci benn bool bu fees dell ak i soraas, pom, puwaar, reseŋ ak màngo.
Mu ne ma : « Gëmmal. » Ma gëmm, di xaar. Tablet tàmbalee woy, woy wu neex, di tàccu ak a fecc.


Ma waaru, bi ma tablet bi nee xoolal, ma xool, gis li ma xalaatoon.
Mu neeti ma : « Am na leneen, xoolal ma lii ! »
Mu daldi soppeeku welo bu ndaw bu rafet bu am ay laaf.
Ma yéeg ca kow welo ba, muy naaw ak man ci néeg bi.
Bi ma demee bay miir, ma ne ko mu taxaw, ma wàcc.



Bi mu ma wàccee, mu soppeeku
woto buy naaw.
Ma dugg ca biir, muy tërëkëri,
di wëndeelu mbaay-mbaay.
Ma ni déet a waay, mu soppeeku abiyoŋ,
ma naawal ko.
Lu ne, sama tablet bi soppeeku na ko.
Li mu mujj a def mooy soppaliku elikopteer
bu ndaw, ma dawal ko.




Ma dugg dawal ko ci néeg bi,
mu riir mel ni xandal.
Bi ma wëree ba sonn, ma wàcc ci ruum bi.
Elikopteer bi nekkaat tablet ni ma :
« Tëddal nelaw, dangay jàngi suba. »
Ma tëddaat, nelawaat, di gént li ma doon
def ak sama tablet bi.



Ñilaan, sama rakk, moom itam, tabletam won na ko lu ne.
Nee na dafa létt tablet bi létt yu rafet, ñawal ko robbu xale.
Tabletam soppeeku na moto, woto, abiyoŋ, welo ak fowukaay.
Ñilaan moom itam, dawal na moto, woto, abiyoŋ ak welo.

Sama tablet dafa baxa, bu Ñilaan mboq, dunu leen jaawale.
Sama tablet, daraa ju ñu def ñaw yu rafet a rafet la sol tey.
Bosu Ñilaan sol garaa mbubb bu mboq, takk jaaro ak ceenu oor.
Ñu ne nu : « Soluleen nu bégal sunu bopp ci bésu dibeer bi. »



Nu solu ba jekk ak yére yu nu sunu tablet
yi ñawal.
Man maa ngi sol tiset bu wert ak dàll
yu baxa.
Ñilaan sol robb bu jekk bu roos
ak dàll yu ñuul.
Nu ànd toog ci saloŋ bi, def ay selfi, ay
yoon i yoon.



Wànte danoo déggoo ak sunu pàppa ak sunu yaay ci lu am solo.
Sunu tablet yi, benn yoon lañuy gise ak ñoom ci ayu bés.
Ndax sunu toppee neexaay bi, mu yàq sunu njàng.
Am na woy wu neex wu sunu ñaari tablet yi doon woy : « Tabalet bul ko def taabal, dee ko toppatoo, te bul ko daaneel. »